



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KANADA POU LI REZOUD BARYÈ POTANSYÈL KI GEN NAN EKSPÒTASYON POU FOUNISÈ LÈT NEW YORK YO

Ankouraje Premye Minis Kanada pou l Rekonsidere Nouvo Règleman yo ki ka Anpeche Ekspòtasyon yon Pwodwi Letye Fondamantal New York la

Règleman yo Pwopoze yo Menase Sektè Agrikòl ki pi Laj New York la ki gen yon Pèt Potansyèl 50 Milyon Dola

Sa a Kowenside ak Reyinyon sou Akò Agrikòl Tri-Nasyonal la nan Ontaryo

Lèt yo Voye bay Premiye Minis Trudeau a yo [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li opoze règleman yo pwopoze yo ki ka kreye yon baryè pou agrikiltè pwodwi letye New York yo nan ekspòtasyon yon pwodwi letye fondamantal New York anvè Kanada. Nan yon lèt li voye bay Premiye Minis Kanada Justin Trudeau, Gouvènè a mande pou gouvènman Kanada devlope yon akò nasyonal ki pral benefisye echanj komèsyal atravè toulede bò fwontyè a yo. Si yo mete estanda pwovens lan yo an aplikasyon nan tout Kanada nèt, sa ka lakoz endistri pwodwi letye New York la yon pèt 50 milyon dola sou mache a.

Gouvènè Cuomo te di: “Sektè pwodwi letye New York la se yon eleman esansyèl nan endistri agrikòl nou an, epi règleman sa yo ka gen anpil konsekans devastatè pou agrikiltè pwodwi letye nou yo ak fanmiy yo. Mwen ankouraje vwazen kanadyen nou yo pou yo rekonsidere règleman ki gen potansyèl danje sa a epi pou yo kontinye relasyon echanj komèsyèl koutwa ki benefisye toulede kote yo.”

Lèt Gouvènè a voye a kowenside ak 25^{èm} anivèsè Akò Agrikòl Tri-Nasyonal la (25th Tri-National Agricultural Accord), ki te fèt semèn pase a nan Vil Niagara Falls, Ontaryo, Kanada. Akò Agrikòl Tri-Nasyonal la founi yon fowòm pou Etazini, Kanada ak Meksik travay ansanm anvè priyorite yo pataje epi diskite sou sijè enpòtan yo, ki gen ladan yo chanjman klimatik yo, echanj komèsyal ak agrandisman sektè transfòmasyon alimantè a yo.

Aksyon Gouvènè a yo se repons dirèk a Pwovens Ontaryo a ak plan règlemantè Komite Jesyon Apwovizyonman Lèt Kanadyen an yo (Canadian Milk Supply Management Committee), ki gen ladan l règleman Klas 6 Ontaryo a ak pwopozisyon pou yo tabli yon nouvo Estrateji Nasyonal sou Engredyan (National Ingredient Strategy) yo ki ka anpeche New York ekspòte lèt ki iltrafiltre. Lèt iltrafiltre se yon kalite lèt ekreme ki rich an pwoteyin yo itilize prensipalman pou pwodiksyon fwomaj ak yogout. Lèt la mande

pou gouvènman Kanadyen an konfime règleman Klas 6 Ontaryo a ak Estrateji Nasyonal sou Engredyan Kanadyen (Canadian National Ingredients Strategy) yo toulede konsistan ak politik Òganizasyon Echanj Komèsyal Mondyal la (World Trade Organization, WTO) yo ak Akò Echanj Komèsyal Lib Ant Peyi Amerik Dinò yo (North American Free Trade Agreement, NAFTA).

Pandan plizyè mwa ki sot pase la yo, Eta New York la te fè plizyè atant pou jwenn yon solisyon agreyab pou toulede pati konsène yo. Pandan yon vizit Kanada resaman, Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te fè ofisyèl Kanadyen yo konnen preyokipasyon Eta New York la genyen yo, epi an out, Delege Agrikilti Richard Ball te voye yon lèt bay omològ li nan Pwovens Ontaryo a, ki te souliye enpòtans kritik pwopozisyon an ak konsekans yo ka genyen sou Eta New York la. Delege Ball te asiste nan Akò Agrikòl TriNasyonal la semèn ki sot pase a pou l te ka fè konnen preyokipasyon New York genyen yo an pèsan.

New York ekspòte plis anvè Kanada pase nenpòt lòt peyi nan mond lan. Ane pase, relasyon echanj komèsyal bilateral la te totalize 32.93 milya dola nan machandiz epi li te sipòtè 500 000 pòs travay nan rejyon an yo. Endistri pwodwi letye New York la se sektè agrikòl ki pi laj nan Eta a. Avèk plis pase 5 000 fèm, majorite nan yo se fèm fanmiy ap jere, endistri pwodwi letye a sipòte fondasyon ekonomi agrikòl la. Kominote pwodwi letye a te pote 2.5 milya dola nan vant, epi endistri pwodwi letye a te anplwaye 20 000 moun nan New York an 2015. Pwodwi letye New York yo konte tou pou omwen 50 pousan nan tout machandiz agrikòl Eta New York ekspòte onivo entènasyonal yo.

Gouvènè Adjwen Hochul te di: “Mwen te diskite pwoblèm nan ak plizyè lidè Kanadyen ki nan pi wo nivo nan non Gouvènè Cuomo ak pwodiktè pwodwi letye New York yo. Pwodwi letye se youn nan endistri agrikòl ki pi enpòtan nan Eta New York. Règleman yo pwopoze yo ka gen konsekans grav pou fèm yo, fanmiy yo ak relasyon echanj komèsyal ki pi solid nou genyen ak patnè entènasyonal nou yo.”

Delege Agrikilti Eta a Richard A. Ball te di: “Fèm yo pwodwi letye New York yo konte sou ekspòtasyon pwodwi yo anpil epi nou bezwen fè sa nou kapab pou nou aisre yo kontinye genyen yon kay pou voye lèt yo pwodwi yo. Nou gen espwa gouvènman Kanadyen an, pandan l ap konsidere opsyon l yo, pral pran ankant patenarya ki la depi lontan ki gen anpil siksè li genyen ak New York, epi pran dè mezi pou rezoud pwoblèm sa a ki ka gen konsekans grav sou endistri agrikòl nou an.”

Manm Kongrè Charles B. Rangel te di: “Mwen kontan pou m wè Gouvènè Cuomo pran mezi pou reponn a règleman Kanada pwopoze sou pwodwi letye yo ki ka gen yon enpak grav sou ekonomi fèm yo pwodwi letye New York ak peyi nou an yo. Gen 22 manm ki soti nan toulede chanm yo, inite tou de bò Delegasyon Kongrasyonèl New York la (New York Congressional Delegation) ki te voye yon lèt bay Prezidan Barack Obama mwa septanm nan pou ekspri preyokipasyon nou yo. Nou pral travay ansanm pou asire nou akò echanj komèsyal yo pa andomaje travayè ak endistri ki nan lakou lakay nou yo.”

Manm Kongrè Louise Slaughter te di: “Fèm pwodwi letye yo se yon eleman enpòtan nan ekonomi rejyon nou an men, malerezman, yo siseptib a move politik echanj komèsyal menm jan ak endistri manifakti yo. Mwen gen lontan depi m ap mande pou pi

bon akò echanj komèsyal ak pi bon mwayen pou fè respekte politik echanj komèsyal yo, sa ki fè mwen mete ansanm ak kòlèg mwen yon pou mande gouvènman federal la pou l pran mezi pou mete règ jwèt la yo sou menm nivo pou fèmwe pwodwi letye New York yo.”

Manm Kongrè Tom Reed te di: “Nou sousye de fèmwe pwodwi letye nou yo paske endistri sa a enpòtan anpil pou ekonomi lokal nou an ak fason moun viv toupatou atravè rejyon an. Li jis pou nou kenbe patnè echanj nou yo responsab epi asire ekitabite pou fèmwe pwodwi letye nou yo ak fanmiy yo. Sa a se yon koz toulede kote ka mete ansanm pou konbat pou yon rezilta pozitif.”

Reprezantan US Sean Patrick Maloney (NY-18), yon manm Komite Agrikilti nan Lachanm lan te di: “Fèmwe pwodwi letye New York yo pwodwi kèk nan meye kalite pwodwi nan mond lan pandan y ap kontribiye anpil milyon dola nan ekonomi yo - epi mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo paske li te al defann fanmiy k ap travay di sa yo. Mwen ap atann mwen pou m travay ak li ak lòt yo pou defann fèmwe pwodwi letye nou yo nan pwoblèm enpòtan sa a.”

Manm Kongrè Elise Stefanik te di: “Se yon pwoblèm enpòtan fèmwe pwodwi letye nan North Country ap konfwonte la, epi mwen kontan anons Gouvènè Cuomo fè jodi a. Pwodiktè pwodwi letye ak fabrikan New York yo te deja pèdi opòtinite ekspòtasyon depi Ontaryo te mete sou pye nouvo politik sa yo prentan sa a. Si akò sa finalize otòn sa a, mwen vrèman preyokipe paske vant pwodwi letye yo bay Kanada pral pi frape ankò nan yon moman kote fèmwe pwodwi letye yo ap konfwonte kèk nan pri lèt ki pi ba nan ane ki sot pase yo. Echanj komèsyal ak Kanada enpòtan anpil pou New York ak pou Kanada; li esansyèl pou nou raple Kanada fè sa a pandan l ap kontanple vanse ak politik sou pwodwi letye adisyonèl sa yo ki pral andomaje sektè pwodwi letye New York la.”

Dean Norton, Prezidan New York Farm Bureau (Biwo Fèm New York) te di: “Kanada se yon patnè echanj komèsyal ki enpòtan anpil pou Eta New York ak kominote agrikòl nou an. Nan yon moman kote pri twò ba ap menase vyabilite kèk fanmiy fèm, nenpòt lòt aksyon lidè Kanadyen yo pran pou yon mete restriksyon ki pa jis sou fason lèt antre pwovens Ontaryo ak lòt kote yo pral gen enpak grav sou fèmwe ak ekonomi fèm yo an jeneral. Nou apresye Gouvènè Cuomo ak administrasyon l lan paske li diskite pwoblèm sa a ak Premye Minis lan, epi Biwo Fèm New York pral kontinye travay ak lidè eta ak federal yo pou fè lèt kontinye travès fwontyè a.”

Connie Tipton, Prezidan ak PDG Asosyasyon Entènasyonal Manje Pwodwi Letye (International Dairy Foods Association) a te di: “Mepri Kanada ap fè sou angajman echanj komèsyal li ak Etazini an, ki gen ladan Eta New York la, pa akseptab. Politik pwoteksyonis sa yo an konfli dirèk ak prensip mache lib ak echanj komèsyal ekitab, ansanm ak obligasyon Kanada genyen selon Akò Echanj Komèsyal Lib ant Peyi Amerik Dinò yo (North American Free Trade Agreement, NAFTA) ak Òganizasyon Echanj Komèsyal Mondyal la yo (World Trade Organization, WTO).”

Jaime Castaneda, Vis Prezidan Prensipal Federasyon Nasyonal Pwodiktè Lèt la (National Milk Producers Association) te di: “Kanada toujou ap meprize obligasyon echanj komèsyal li genyen yo nan kad echanj pwodwi letye yo. Pandan transfòmasyon pwodwi letye ak Agrikiltè ap envesti nan nouvo teknoloji pou fabrike yon pwodwi letye

pou ekspòte al Kanada, nouvo ekspòtasyon sa yo rankontre ak nouvo zouti politik Kanadyen ki gen entansyon pou limite enpòtasyon pwodwi letye sa yo. Depi Etazini te antame yon ka kont Kanada devan WTO an 1997 la, nou te pèmèt Kanada pou l kontinye yon seri politik san fen pou retire konsesyon echanj komèsyal yo. Endistri pwodwi letye Etazini an di sa se twòp atò. Kanada dwe respekte angajman NAFTA ak WTO li pran yo nan kad endistri pwodwi letye jounen jodi a yo ak alavni.”

Kevin Ellis, PDG Cayuga Milk Ingredients (Engredyan Lèt Cayuga yo) te di: “Mèt fèm Engredyan Lèt Cayuga te investi plis pase 104 milyon dola nan yon etablisman transfòmasyon lèt depwent pou komèsyalize engredyan pwodwi letye yo nan mond lan, ki gen ladan l pwodiksyon lèt iltrafiltre. Kanada ap kontanple nan moman sa a yon Estrateji Nasyonal sou Engredyan ki pral sible espesyalman lèt iltrafiltre. Mezi sa Kanada ap pran sanble pa an liy ak règ NAFTA ak WTO yo. Cayuga gen pou l pèdi 25% nan vant li akòz mezi sa a. Sa a pral gen yon konsekans devastatè sou Cayuga, epi nou ap ankouraje reprezantan echanj komèsyal Etazini yo pou yo envestige pou wè si wi ou non Estrateji Nasyon sou Engredyan Kanada vle pran konfòm ak règ NAFTA ak WTO yo.”

John Gould, Prezidan Konsèy Administrasyon O-AT-KA a te di: “Pwodwi lèt O-AT-KA yo se yon biznis ki reflete efò, investisman, ak espwa pou anpil santèn fèmye pwodwi letye nan Rejyon Lwès New York ak anpil santèn moun nou anplwaye nan Batavia. Kanada ap toujou kontinye eseye mete baryè a echanj komèsyal la kote pa ta dwe gen okenn baryè epi konpòtman sa a ap fè 20% vant nou oswa 180 milyon liv pwodiksyon lèt anyèl riske pa jwenn mache pou yo vann. Nou apresye sipò Gouvènè a anpil nan rezistans n ap pran paske Kanada pa ta dwe chanje nan yon fason inilateral règleman ki pa konfòm a obligasyon yo genyen anvè akò echanj komèsyal ki la depi byen lontan yo.”

Larry Webster, PDG Upstate Niagara Cooperative Inc. Ian (Koperativ Niagara Rejyon Nò) te di: “Mwen doute, si nou, antanke yon koperativ New York, dwe pote sipò nou pou pasaj Patenarya TransPasifik (Trans-Spacific Partnership) la si nou pa ka fè gouvènman Kanadyen an konfyans y ap konfòme yo a akò ki te fèt deja yo. Fason Premye Minis Trudeau reponn a plan règlemantè Komite Jesyon Apwovizyonman Lèt Kanadyen an pou yo efektivman elimine enpòtasyon lèt iltrafiltre ta dwe reponn a kesyon sa a.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418